



Pou Piblikasyon Imedya: 04/05/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN EKSTANSYON LWA 2020 AN SOU EVIKSYON AK
PREVANSYON SEZI IMOBILYE AKÒZ IJANS COVID-19 LA AK LWA 2021 AN POU
PWOTEJE TI BIZNIS NOU YO AKÒZ IJANS COVID-19 LA**

*Lejislasyon (S.6362-A/A.7175-A) a pwolonje moratwa a pou pwosedi eviksyon ak
sezi imobilye rezidansyèl ak komèsyal yo pou sila yo ki te depoze yon
deklarasyon sou difikilte jiska 31 out 2021 an*

*Li ajoute sou efò Eta New York yo pou pwoteje lokatè yo ak pwopriyetè kay yo ki
ap sibi difikilte ekonomik akòz COVID-19 la*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a yon ekstansyon nan Lwa 2020 an sou Eviksyon ak Prevansyon Sezi Imobilye akòz Ijans COVID-19 (COVID-19 Emergency Eviction and Foreclosure Prevention Act of 2020) la ak Lwa 2021 an pou Pwoteje Ti Biznis Nou yo akòz Ijans COVID-19 la (COVID-19 Emergency Protect Our Small Businesses Act). Lwa (S.6362/A.7175) lan etann pwoteksyon yo ki anpeche eviksyon rezidansyèl ak komèsyal yo, pwosedi sezi imobilye yo, diskriminasyon nan kredi ak rapò sou kredi negatif ki gen rapò ak pandemi COVID-19 la jiska 31 aout 2021. Lejislasyon an ajoute sou efò Eta New York yo pou pwoteje lokatè ak pwopriyetè kay yo anba difikilte ekonomik ki te rive akòz pandemi COVID-19 la nan yon moman enpòtan nan trajektwa pandemi an pandan ke Eta a kòmanse ap leve restriksyon sou ransanbleman piblik yo ak biznis yo.

"Pandan nou ap apwoche limyè a nan pwent tinèl COVID-19 la, li enpòtan pou nou kontinye pwoteje ni lokatè ak pwopriyetè biznis yo ki te sibi gwo difikilte nan tout pandemi sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Etann legislasyon sa a pral ede asire ke Nouyòkè ki vilnerab yo ak pwopriyetè biznis ki ap fè fas ak eviksyon san se pa okenn fot pa yo kapab kenbe kay ak biznis yo a pandan nou ap kontinye sou wout rekiperasyon an epi kòmanse rebati ekonomi nou an pi byen pase jan li te ye avan."

Prezidan Komite sou Lojman Sena a ak Pwomotè Pwojè Lwa a, Brian Kavanagh, te deklare, "Chif COVID-19 yo nan New York kontinye rete tèt rès byen wo nan tout Eta a epi nou bezwen mezi sante piblik yo tankou moratwa sou eviksyon ak sezi imobilye a kontinye kenbe Nouyòkè yo san danje, epi finalman pou yo pase pandemi tèrib sa a pi vit posib. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control, CDC) a te dekouvri espesyalman ke otorizasyon eviksyon yo ogmante pwopagasyon COVID-19 la epi ke lwa sou moratwa yo tankou pa New York la travay pou anpeche

transmisyon an. Asire ke tout moun genyen aksè nan yon kote ki estab, san danje pou yo viv se toujou yon priyorite, men li pa janm pi enpòtan pase jan li ye kounye a".

Manm Asanble Jeffrey Dinowitz te deklare: "Mwen kontan anpil dèske Asanble a te vote lejislasyon enpòtan sa a ki pral ede kenbe moun nan lakay yo ak pwopriyetè ti biznis o nan magazen yo a. Sa se lejislasyon pou chanje lavi ki kapab bay Biwo pou Asitans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta new York la ak lòt ajans ki konsène yo plis tan pou yo depanse plizyè milya dola nan finansman Eta a ak finansman federal pou moun ki nan bezwen yo. Nou toujou nan mitan yon pandemi mondyal ak pi move kriz ekonomik pandan lavi nou. Mwen kwè li tap imoral pou nou pèmèt moratwa aktyèl la ekspire. Lwa sa a pral sove lavi".

Lejislasyon yo te adopte oparavan an ede ni lokatè rezidansyèl ak komèsyal yo ki ap fè fas ak eviksyon ak moun ki gen ipotèk ki ap fè fas ak pwosedi sezi imobilye yo akòz pandemi an:

Eviksyon Rezidansyèl yo

Lwa a mete yon moratwa sou eviksyon rezidansyèl yo jiska premye out 2021 pou lokatè yo ki ap sibi difikilte ki gen rapò ak COVID-19 la. Lokatè yo dwe soumèt yon deklarasyon sou difikilte a, oswa yon dokiman ki eksplike sous difikilte a, pou anpeche eviksyon yo. Pwopriyetè yo kapab mete deyò lokatè ki ap kreye danje pou sekirite oswa pou sante pou lòt lokatè yo, ak lokatè sa yo ki pa soumèt deklarasyon sou difikilte yo.

Pwosedi Sezi Imobilye Rezidansyèl yo

Lejislasyon an mete yon moratwa sou pwosedi sezi imobilye rezidansyèl yo jiska premye out 2021. Pwopriyetè kay ak ti pwopriyetè yo ki posede 10 oswa mwens abitasyon rezidansyèl kapab voye deklarasyon sou difikilte yo bay kreyansye ipotèk yo a, lòt pati ki enplike nan sezi imobilye yo oswa yon tribinal ki ta kapab anpeche yon sezi imobilye.

Eviksyon Komèsyal yo:

Lejislasyon an mete yon moratwa sou eviksyon jiska premye out 2021 an pou lokatè komèsyal ki ap fè fas ak difikilte ki gen rapò ak COVID-19 la. Lejislasyon an aplike pou ti biznis yo ki genyen mwens pase 50 anplwaye ki demontre yon difikilte finansye. Lokatè yo dwe soumèt yon deklarasyon sou difikilte, oswa yon dokiman ki eksplike sous difikilte a, pou anpeche eviksyon yo.

Pwosedi Sezi Imobilye Komèsyal yo

Lwa a mete yon moratwa sou pwosedi sezi imobilye komèsyal yo jiska premye out 2021.

Lavant Privilèj Fiskal yo

Lejislasyon an anpeche gouvènman lokal yo pou yo pa angaje yo nan yon lavant privilèj fiskal oswa nan sezi imobilye fiskal jiskal omwen premye out 2021. Yo toujou dwe peman yo dwe lokalite a.

Diskriminasyon nan Kredi ak Rapò sou Kredi Negatif

Yo entèdi enstitisyon ki ap fè prè yo fè diskriminasyon kont yon pwopriyete yon pwopriyete ki ap chèche kredi paske yo te bay pwopriyete pwopriyete a yon sispansyon nan pwosedi sezi imobilye pou ipotèk, pwosedi sezi imobilye fiskal oswa lavant privilèj fiskal yo. Yo entèdi yo tou fè diskriminasyon paske pwopriyete a genyen aryere epi li te voye yon deklarasyon sou difikilte bay kreyansye a.

Egzonerasyon pou Pwopriyete Kay ki Granmoun Aje yo ak Egzonerasyon pou Pwopriyete Kay ki gen Andikap yo

Yo egzije gouvènman lokal yo repòte Egzonerasyon pou Pwopriyete Kay ki Granmoun Aje yo (Senior Citizen Homeowners' Exemption, SCHE) ak egzonerasyon DHC yo ki soti nan wòl evalyasyon pou ane 2020 an sou wòl evalyasyon pou ane 2021 an nan menm nivo yo. Yo egzije yo tout bay aplikasyon pou renouvèlman pou nenpòt moun ki gendwa elijib pou yon pi gwo egzonerasyon an 2021 an. Lokalite yo kapab etabli tou pwosedi kote enspektè kontribisyon yo kapab egzije aplikasyon pou renouvèlman yo nan men moun ke enspektè kontribisyon yo kwè ki gendwa pa elijib ankò pou yon egzonerasyon an 2021 an. Benefisyè egzonerasyon an pa oblije depoze aplikasyon pou renouvèlman yo an pèsòn.

Gouvènè Cuomo te premye anonse yon moratwa Eta sou eviksyon rezidansyèl ak komèsyal nan dat 20 mas pou asire okenn lokatè pa ekspilse pandan gwo moman ijans sante piblik la. Gouvènè Cuomo te siyen Lwa sou Espas Sekirite Lokatè a nan dat 30 jen an, ki te antre an vigè imedyatman ansanm ak lejislasyon anplis ki bay asistans finansyè pou lokatè ak pwopriyete yo. Anplis de sa, Dekrè Egzekitif avan yo te entèdi chaj oswa frè pou peman lwaye an reta, epi lokatè yo ki ap fè fas ak difikilte finansyè kapab toujou itilize depo sekirite yo a kòm peman epi yo kapab repeye depo sekirite yo a pi devan.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)